


# АМЕРИКА ҚУРАМА ШТАТЛАРЫНДА СУДЬЯ КАДРЛАРДЫ ТАҢЛАЎ ҲӘМ ОРЫНЛАРЫНА ҚОЙЫЎ МӘСЕЛЕЛЕРИ

**Даулетмуратов Тимур Даулетмуратович**

Өзбекстан Республикасы Ишки ислер министрлигине қараслы Нөкис “Темурбеклер мектеби” лицейи ҳуқықтаныў пәни оқытыўшысы

https://doi.org/10.5281/zenodo.17231206

## ARTICLE INFO

Qabul qilindi: 25- sentabr 2025 yil
Ma’qullandi: 28- sentabr 2025 yil
Nashr qilindi: 30- sentabr 2025 yil

## KEYWORDS

*АҚШ суд системасы, федерал судлар, штат судлары, Жоқары суд, апелляция суди, округ суды, арнаўлы судлар, коньституция, судья тайынлаў, судья сайлаўы, суд комиссиясы, суд ҳәкимияты, ҳуқықый система, Америка ҳуқық мектеби, губернатор, Сенат, Конгресс..*

## ABSTRACT

*Бул мақалада Америка Қурама Штатларында суд системасы ҳәм судья кадрларын таңлаў ҳәм лаўазымға тайынлаў процесслери кеңнен сәўлелендирилген. Бәринен бурын, АҚШтағы федерал ҳәм штат судлары системасы, олардың структуралық бөлимлери, ўәкилликлери ҳәм басқарыў тәртиплери талланған. Федерал дәрежедеги суд системасының орайында АҚШ Жоқары суды турыўы, апелляция ҳәм округ судлары, сондай-ақ, арнаўлы судлардың орны ҳаққында сөз етиледи. Сондай-ақ, штатлардың өз коньституцияларына тийкарланған суд системалары, еки басқышлы ҳәм үш басқышлы суд системалары, олардың өзине тән тәреплери ҳәм айырмашылықлары көрсетип өтилген. Мақалада, әсиресе, судья лаўазымына талабанларды таңлаў ҳәм тайынлаўдың төрт түрли тийкарғы модельи - губернатор ҳәм нызам шығарыўшы уйым арқалы тайынлаў, арнаўлы комиссия арқалы таңлаў, сайлаў арқалы судьяларды таңлаў ҳәм нызам шығарыўшы уйым даўысы арқалы сайлаў - кеңнен сәўлелендирилген. Бул процесслердиң ҳуқықый тийкарлары ҳәм әмелий әҳмиети ашып берилген.*

Америка Қурама Штатлары[1] ҳуқықый мектеби дәстүрлерине муўапық, әмелде болған нызам шығарыўшы, атқарыўшы, ҳәкимшилик, суд ҳәм басқа органлардың үлкан, тармақлары көп ҳәм кең көлемли, өте қурамалы системасы АҚШ Конституциясы тийкарында қәлиплескен ҳәм ис алып барады, деп есапланады.

АҚШда бир ўақыттың өзинде судлардың бирден-бир федерал системасы ҳәм 50 штат ҳәм Колумбия округиниң ҳәм төрт федерал территорияның ғәрезсиз суд системалары ис алып барады.

[1] АҚШ маъмурий худудий бўлиниши бўйича 50 штат ва 1 та Колумбия округидан таркиб топган/Страны мира. Справочник. М:; «Олма-пресс», 2004, -С. 522

INNOVATIVE ACADEMY

Федерал суд системасына АҚШ Жоқары суды, апелляция ҳәм округ судлары, сондай-ақ, арнаўлы судлар киреди.

Федерал судлардың пүткил системасына АҚШ Жоқары суды басшылық етеди ҳәм ол бир ўақыттың өзинде жоқары мәмлекет уйымлары системасында Конгресс ҳәм Президент менен бир қатарда жүдә әҳмийетли статусқа ийе.

АҚШ Жоқары суды АҚШ Конституциясында тилге алынған бирден-бир суд уйымы болып, тоғыз судьядан ибарат, бул судьялардың биреўин АҚШ Президенти баслық етип тайынлайды. Жоқары суд ағзалары, сол қатарда баслық та, Президент тәрепинен тайынланып, Сенатда тастыйықланады.

Апелляция судлары 1891-жылда АҚШ Жоқары суды ҳәм округ судлары ортасындағы аралық юрисдикция судлары сыпатында шөлкемлестирилген еди. Ҳәзирги ўақытда 13 апелляция судлары бар: Колумбия федерал округында бир, 3 еўден 10 штатка шекем территорияны өз ишине алыўшы ҳәм өз рәсмий тәртип номери болған ҳәр бир апелляция округында – 11 ҳәм 1982-жылда орнатылған, бажыхана ҳәм патент ислери бойынша шағымларды ҳәмде Претензия суды қарарларына келтирилген шағымларды көрип шығыўшы Федерал юрисдикциядағы апелляция суды.

Округ судлары[2] – федерал суд системасының тийкарғы буўыны болып есапланады. Мәмлекеттиң пүткил территориясы штатлар ортасындағы шегараларды есапқа алған ҳалда округларға бөлип шығылган, сол себепли бир штатда биреўден төртке шекем округ бар. Тийисли округ судлары АҚШтың теңиз арты территорияларында да дүзилген.

Ҳәзирги ўақытта ҳәммеси болып 95 округ суды бар, олардың ҳәр биринде 2 ден 27 ге шекем судья ис алып барады (олардың бири апелляция судларындағыдай тәртипте баслық етип тайынланады).

Улыўма судлар системасы менен бир қатарда бир неше қәнийгелестирилген федерал судлар да бар. Олар қатарында Претензиялар суды, Сыртқы саўда бойынша суд (тоғыз судьядан ибарат) ҳәмде Салық судлары көрсетиў мүмкин.

Ҳәр бир штаттың өз Конституциясы тийкарында қәлиплестирилген суд системасы бар. Айырым штатларда суд системасының I инстанция судлары ҳәм апелляция судларынан ибарат екенлиги Конституцияның өзинде беккемленген болса, басқа штатлар Конституциясында нызам шығарыўшы жыйналысқа суд системасын шөлкемлестириў ҳуқықы берилген.[3]

Улыўма алғанда, штатлар суд системалары бир-бирине уқсас болсада, басқарыўдың басқа тараўлары киби олар да айырым тәреплери менен парықланады. Сол орында айтып өтиў лазым, штатлар суд системаларын улыўмаластырыўға урыныў олар суд ҳәкимиятының әмелдеги дүзилисин бузып көрсетиўге алып келиўи мүмкин.

Штатларда көбирек улыўма судлардың еки ҳәм үш бағаналы системасы, сондай-ақ, шекленген яки арнаўлы юрисдикциядағы түрли судлар бар.

Өзинде тек I инстанция судын ҳәм жоқары суд органын жәмлеп алған еки бағаналы улыўма судлар системасы территориясы киши ҳәм халқы кем болған штатларға тән

---

[2] АҚШ округ судларининг номланиши ҳуқуқий адабиётларда аксарият ҳолларда туман судлари деб таржима қилинади.

[3] Д.Д.Мидор. "Американские суды". Изд. West Publishing Company. Сент-Пол. Миннесота, 1991, 10-бет / М.Рустамбоев, Ю.Никофорова. Ҳуқуқни муҳофаза қилувчи органлар (дарслик). Т:,2005, 432-бет.

болса, үш бағаналы, аралық, апелляция юрисдикция судлары болған улыўма судлар системасы болса үлкен штатларда жүзеге келген.

Штатдағы суд системасын басқарыўшы суд көпшилик жағдайларда жоқары суд аты менен жүритиледи, бирақ бир қатар штатларда ол апелляция суды деп те аталади. Бул судлар бестен тоғызга шекем судьядан ибарат болып, олардың бири суд баслығы етип тайынланады. Штатлардың жоқары ҳәм оған тийисли судлары, тийкарынан, төменги судлардың қарарларына келтирилген апелляция шағымларын көрип шығыў менен шуғылланады.

Штатлар жоқары судларының ҳәкимшилик органлар қарарларына келтирилген шағымлар яки ислерди көрип шығыўы менен конституцияларды додалаў ҳәм штатлар нызам ҳүжжетлерине баҳа бериўдеги әҳмийети жүдә жоқары болып есапланады.

Аралық юрисдикция судлары қатар штатларда I инстанция судлары ҳәм басқа суд уйымларының ҳүкмлери ҳәм қарарларына келтирилген шағымларды көрип шығыў ушын дүзилген. Олар көбинше апелляция судлары деп жүритиледи.

Айырым жағдайларда аралық юрисдикция судлары штат жоқары судының апелляция бөлими сыпатында ис алып барады. Олардың қурамына 10 нан 50 ге шекем судья киреди.

Штатлар суд системасының тийкарғы буўыны – улыўма юрисдикция судлары болып, олар түрлише аталады. Мәселен, Нью-Йорк штатында ҳәм Калифорния штатында жоқары судлар деп аталса, көпшилик жағдайларда округ судлары деп жүритиледи. Усы судлар шөлкемлестирилиўи ҳәм муғдар қурамы тәрепинен жүдә парықланады. Соның менен бирге округ судлары шекленген юрисдикция судларына қарата жоқары турыўшы инстанция сыпатында ис алып барады, себеби олар қатар жағдайларда бул судлардың қарарларына қарата келтирилген шағымларды көрип шығыўға ҳақылы.

Жоқарыда санап өтилген судлар улыўма системасы буўынларынан тысқары, ҳәр бир штатда шекленген юрисдикция судлары да бар болып, бул судларға кем әҳмийетли жынаятлар ҳаққындағы ҳәмде кем муғдардағы (1 000 долларға шекем) пуқаралық ислерин көрип шығыў тапсырылған. Усы судлар муниципал қала судлары, полиция судлары, базыда болса графлик судлары, улыўма сессиялар судлары киби атлар менен жүритиледи. Оларда ислер магистратлар яки жарастырыўшы судьялар тәрепинен көрип шығылып, бул судьялардың профессионал юридикалық таярлыққа ийе болыўы мәжбүрий емес.

Көп ғана штатларда арнаўлы юрисдикция судлары да бар болып, олар айырым жағдайларда ғәрезсиз, басқа жағдайларда болса, округ судлары қасында шөлкемлестириледи. Буларға салықлар бойынша, жер даўлары бойынша, мийрас ислери бойынша, штат ҳәкимиятларына шағымлар билдириў бойынша судлар, шаңарақ ислери бойынша судлар, жол ҳәрекети қағыйдаларын бузыў ҳаққындағы көп санлы ислерди көрип шығыўшы судларды киритиў мүмкин.

Федерация ҳәм штатлар дәрежесиндеги уйымлар системасында конституциялық бақлаўды әмелге асырыўшы арнаўлы органлар жоқ, себеби бул ўазыйпа улыўма юрисдикция судлары тәрепинен әмелге асыралады.[4]

[4] Решетников Ф.М. Правовые системы стран мира (Справочник). – М.:Юрид. Лит. 1993, 183-185-бетлар

АҚШда судьяларды тайынлаў процесси еки бууын бойынша әмелге асыралады: федерал судьяларды ҳәмде штатлар судьяларын лаўазымларына тайынлаў.

Федерал судьяларды лаўазымына таңлаў ҳәм тайынлаў процессинен парық қылган ҳалда көпшилик штатларда штат судлары судьялығы лаўазымына талабанларды таңлаў ҳәм тайынлаў мәселелери жетерли дәрежеде тәртипке салынған болсада, усы процесс штатларда бир-биринен кескин рәўиште парықланади. Улыўма алғанда, айтыў мүмкин, көпшилик штатлар судьялық лаўазымына таңлаўда төмендеги төрт варианттан бирине әмел қылады.

1. Базы бир штатлар федерал судьяларды таңлаў системасынан келип шыққан ҳалда судьялық лаўазымына талапкерлерди таңлайды ҳәм лаўазымына тайынлайды. Усы штатларда судья штат губернаторы тәрепинен штат сенаты ҳәм нызамшылық органы разылығы менен лаўазымына тайынланады. Усы системаға әмел қылыўшы көп ғана штатларда судья өз лаўазымына белгили бир мүддетке тайынланады, усы мүддет тамамланғанынан кейин болса судья өз лаўазымында қалыў ушын альтернатив емес болған сайлаўларда қатнасыўы лазым.

2. Басқа бир штатларда болса судья штат губернатори тәрепинен судьялық лаўазымына талабанларды таңлаў бойынша арнаўлы комиссия тәрепинен таңлап алынған потенциал талабанлар дизиминен келип шыққан ҳалда тайынланады. Судьялық лаўазымына талабанларды таңлаў бойынша арнаўлы комиссия әдетте сайлап қойылатуғын ҳәм тайынланатуғын ағзалардан қуралған болады. Усы система әмелде болған штатларда судьялар белгили бир мүддетке тайынланады, усы мүддет тамамланғанынан кейин болса судья өз лаўазымында қалыў ушын альтернатив болған сайлаўларда қатнасады.

3. Бир қатар штатларда судьялар өз лаўазымына партия ҳәм партиясыз (партиясы көрсетилмейтуғын) бюллетенлер тийкарында сайланады. Бирақ, усы штатларда штат губернаторы ўәкиллиги мүддетинен алдын тамамланған судьялар орнына судьяларды тайынлаў ўәкиллигине ийе. Бундай жағдайларда судья нәўбеттеги сайлаўларда қатнасыўы талап етиледи.

4. Жәнe айырым штатларда судьялар өз лаўазымына штат нызамшылық органының көпшилик даўысы менен сайланады.

Америка Қурама Штатларындағы суд системасы өзиниң қурамалы ҳәм көп басқышлы дүзилиси менен басқа мәмлекетлер суд системаларынан кескин ажыралады. Федерал судлар ҳәм штат судларының биргеликте жумыс алып барыўы, олардың өз ара ўәкилликлери ҳәм басқарыў тәртиплери ҳуқықый мәмлекет принциплерин әмелде жүзеге шығарыўға хызмет етеди. Әсиресе, судьяларды таңлаў ҳәм лаўазымға тайынлаў механизмлериниң ҳәр қыйлылығы - тайынлаў, сайлаў, арнаўлы комиссиялар арқалы таңлап алыў ҳәм нызам шығарыўшы уйым даўысы арқалы белгилеў - суд ҳәкимиятының еркинлигин тәмийинлеўге, сондай-ақ, суд системасына жәмиечиликтиң исенимин беккемлеўге қаратылған. Изертлеў соны көрсетеди, суд ҳәкимиятының нәтийжелилиги тек ғана коньституциялық тийкарлар ҳәм институционаллық механизмлерге емес, ал судьяларды таңлаўдың ашық-айдынлығы ҳәм демократиялық принциплерге садықлығына да тиккелей байланыслы. Сонлықтан АҚШ тәжирийбеси суд ҳәкимиятын шөлкемлестириўде ҳәм судья кадрларын таңлаў процесин

жетилистириўде басқа мәмлекетлер ушын да әҳмиетли теориялық ҳәм әмелий әҳмиетке ийе.

**Пайдаланылған әдебиятлар:**

1. АҚШ маъмурий ҳудудий бўлиниши бўйича 50 штат ва 1 та Колумбия округидан таркиб топган/Страны мира. Справочник. М:; «Олма-пресс», 2004, -С. 522
2. АҚШ округ судларининг номланиши ҳуқуқий адабиётларда аксарият ҳолларда туман судлари деб таржима қилинади.
3. Д.Д.Мидор. "Американские суды". Изд. West Publishing Company. Сент-Пол. Миннесота, 1991,
4. 10-бет / М.Рустамбоев, Ю.Никофорова. Ҳуқуқни муҳофаза қилувчи органлар (дарслик). Т:,2005, 432-бет.
5. Решетников Ф.М. Правовые системы стран мира (Справочник). – М.:Юрид. Лит. 1993, 183-185-бетлар

INNOVATIVE ACADEMY